



Fason pou mande yon Konferans pou Konsilyasyon

Kilè pou w mande yon konferans pou konsilyasyon

Si w pa dakò avèk sèten desizyon Depatman Taks, ou ka mande yon *konferans pou konsilyasyon* pou konteste desizyon sa yo ofisyèlman. Men ki desizyon Depatman Taks ou ka konteste nan fason sa a:

- sèten bòdwo taks
- refi pou demann ranbousman
- refi, anilasyon oswa sispansyon yon lisans, anrejistreman oubyen sètifika egzansyon

Kijan yon konferans pou konsilyasyon fonksyone?

Yon konferans pou konsilyasyon se yon fason rapid e ki pa koute chè pou rezoud kontestasyon san yon odyans ofisyèl. Men kijan li fonksyone:

- Yon anplwaye san patipri nan Depatman Taks, ki rele yon *konfere*, dirije konferans la. Konfere a ap revize prèv ki prezante epi detèmine yon rezilta ki san paspouki.
- Ou ka prezante nan odyans la oubyen nonmen yon reprezantan pou konparèt onon w. Si w nonmen yon reprezantan, ou dwe ranpli yon fòm pwokirasyon, tankou Form POA-1, *Power of Attorney* (Fòm Pwokirasyon), oswa Form ET-14, *Estate Tax Power of Attorney* (Pwokirasyon pou Byen lè moun mouri).
- Apre konferans la, konfere a pral pran yon desizyon e voye ba w yon solisyon ki pwopoze sou fòm yon *Konsantman*.
- Si w dakò ak *Konsantman* an, pou w aksepte li ou ka siyen li epi voye li tounen nan Depatman Taks anvan 15 jou fin pase. Sa ap mete yon pwen final nan dezakò a.
- Si w pa dakò ak *Konsantman* an, konfere a pral bay yon *Òdonans Konsilyasyon*. Òdonans sa a enpoze sou oumenm ansanm ak Depatman an, sof si w depoze yon demann pou yon odyans nan Division of Tax Appeals (Divizyon Apèl konsènan Taks).

Fason pou w mande yon konferans pou konsilyasyon

1. Ranpli Form CMS-1-MN, *Request for Conciliation Conference* (Demann pou Konferans pou Konsilyasyon), epi poste l nan adrès ki annapre a, **nan delè ki presize nan avi ou te resevwa a**. Nou rekòmande kourye sètifye oswa kourye rekòmande (certified mail oswa registered mail), paske sa ap pèmèt ou bay prèv ou te depoze demann ou an atan.

**NYS TAX DEPARTMENT
BIWO SÈVIS KONSILYASYON AK MEDYASYON
W A HARRIMAN CAMPUS
ALBANY NY 12227**

2. Voye ban nou ansanm ak demann ou an tout dokiman ki nesèsè pou soutni pozisyon w. Pa bliye mete tout sa yo:

- yon kopi avi w ap konteste a,
- yon fòm pwokirasyon ki byen ranpli (si w ap nonmen yon moun pou konparèt onon w), ak
- nenpòt lòt dokiman ou santi ki ka gen rapò ak kontestasyon w lan.